

Klamidiya

Klamidiya se yon mikwòb k'ap fè anpil fom de maladi nan kabrit yo. Klamidiya se yon mikwòb k'ap rete nan trip kabrit yo epi pa fè anyen, sa pou di li pa fè kabrit malad, men kabrit sa a ap toujou mete mikwòb yo a tè lè yo twalèt epi lòt kabrit ka vin infekte ak maladi a. Li atake e fè kabrit yo malad le yo strese. Pou egzamp le w al nan mache epi achte kabrit kèk jou aprè kabrit yo vin malad.

Ki siy nou we ak klamidiya ?

Li ka gen je k'ap koule dlo, li ka touse, men li pa gen gwo larim. Apre kèk jou w'ap wè je li vin blanche pi yo avèg. Si w rele yon veterinè w ka geri li touswit, men si w tann twò lontan avan w bay medikama kabrit ap avèg nèt.

Lòt fòm maladi klamidiya ap fe se kabrit gwo plenn (nan dènyè mwa) fè avòtman oubyen pitit yo ka fèt men yo fèb oubyen yo pa vivan. Yo ka fèt tou mouri.

Kèk fwa li ka pran ni piti oubyen gwo yo epi fe jenou yo vin gwo epi cho.

Ki jan pou'm trete maladi Klamidiya?

Medikaman k'ap geri maladi sa se oxytetracycline. Li pi byen pou gen yon veterinè bay piki yo pou asire bèt la ap resevwa kantite medikaman li bezwen. W'ap bay yo oxytetracycline pou yo ka geri..

Ki jan pou'm anpeche maladi Klamidiya rive sou kabrit mwen?

Lèw achte yon nouvo kabrit, kembe'l apa lòt kabrit pa w pou kèk jou pou wè si li vin malad.

Si w gen yon kabrit ki gen klamidiya pa kite'l rete ak lòt kabrit yo. Kenbe'l apa jis li geri. Li bon pou bay kabrit yo ki pre sak ki malad yon piki medikaman tou, menm si yo pa montre w siy yo malad li ka ede anpeche yo gen maladi a. Si yo gen pwoblem je blanch li bon pou bay piki epi mete pomade oubyen gout tetrasiklin nan je ki afekte.

Eske maladi Klamidiya ka enfekte moun yo?

Bagay ki empòtan se pou sonje si gen fanm asent yo pa bezwen travay ak kabrit ki gen maladi klamidiya paske li ka enfekte fanm yo tou epi yo ka fe avòtman. Men li pa afekte je oubyen jenou moun yo.

